



Dokiman Rezime Avantaj yo ak Kouvèti a (Summary of Benefits and Coverage, SBC) pral ede w chwazi yon [plan](#) sante. SBC montre w kijan ou menm ak [plan](#) an ka pataje frè sèvis swen sante ki kouvri yo. **SONJE:** Enfòmasyon konsènan frè [plan](#) sa a (yo rele [prim](#)), y ap bay yo yon fason separe. Sa a se yon rezime li ye sèlman. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kouvèti w la, oswa pou jwenn yon kopi sou kondisyon konplè kouvèti a, ale sou entènèt sou www.cigna.com/sp. Pou jwenn definisyon jeneral tèm ki komen yo, tankou [montan otorize](#), [faktirasyon balans](#), [ko-asirans](#), [kopeman](#), [franchiz](#), [pwofesyonèl swen sante](#), oswa lòt tèm ki [souliyen](#) yo, gade nan Glosè a. Ou ka konsilte Glosè a sou <https://www.healthcare.gov/sbc-glossary> oswa rele 1-800-Cigna24 pou mande yon kopi.

Kesyon Enpòtan	Repons	Poukisa Sa a Enpòtan:
Kisa franchiz global la ye?	\$0	Gade tablo Evènman Medikal Komen yo ki anba pou wè frè pou sèvis ke plan sa kouvri yo.
Èske gen sèvis ki kouvri anvan ou atenn franchiz ou a?	Non.	Ou dwe satisfè franchiz la anvan plan an peye pou nenpòt sèvis.
Èske gen lòt franchiz pou sèvis espesifik?	Non.	Ou pa bezwen atenn franchiz yo pou sèvis espesifik yo.
Ki montan limit lajan ki soti nan pòch la ye pou plan sa a?	Pou pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a: \$1,500/endividyèl oswa \$3,000/fanmi Limit konbine lajan ki soti nan pòch pou swen medikal/konpòtmantal ak famasi	Limit lajan ki soti nan pòch la se montan ki pi plis ou ta ka peye nan yon lane pou sèvis ki kouvri. Si ou gen lòt manm fanmi ki nan plan sa a, yo dwe atenn pwòp limit lajan ki soti nan pòch yo a jiskaske tout fanmi an atenn limit lajan ki soti nan pòch .
Kisa ki pa enkli nan limit lajan ki soti nan pòch la?	Prim , frè pou faktirasyon balans , ak swen sante plan sa a pa kouvri.	Menmsi ou peye depans sa yo, yo pa konte pou limit lajan ki soti nan pòch la.
Èske w ap peye mwens si w itilize yon pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a?	Wi. Ale sou www.cigna.com oswa rele 1-800-Cigna24 pou w jwenn yon lis pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a.	Plan sa a itilize yon pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a. W ap peye mwens si w itilize yon pwofesyonèl swen sante ki nan rezo plan an. W ap peye pi gwo montan an si w itilize yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a, epi yon pwofesyonèl swen sante gendwa voye yon bòdwo ba ou pou diferans ant frè pwofesyonèl swen sante a ak sa plan w lan peye a (balans faktirasyon). Ou dwe konnen ke pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a gendwa itilize yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a pou kèk sèvis (tankou analiz nan laboratwa). Verifye ak pwofesyonèl swen sante w la avan ou resevwa sèvis yo.
Èske w bezwen yon referans pou wè yon espesyalis ?	Non.	Ou ka wè espesyalis ou chwazi a san ou pa bezwen yon referans .

Evènman Medikal Komen	Sèvis Ou Ka Bezwen	Sa W Pral Peye		Limit, Eksepsyon, & Lòt Enfòmasyon Enpòtan
		Pwofesyonèl Swen Sante Ki Nan Rezo a (W ap peye pi piti montan an)	Pwofesyonèl Swen Sante Ki Andeyò Rezo a (W ap peye pi gwo montan an)	
Siw vizite biwo oswa klinik yon pwofesyonèl swen sante	Vizit premye swen pou trete yon blesi oswa yon maladi	\$20 kòm kopeman /vizit	Pa kouvri	Okenn
	Vizit kay espesyalis	\$40 kòm kopeman /vizit	Pa kouvri	Okenn
	Swen prevantif / tès depistaj / vaksinasyon	Pa gen frè	Pa kouvri	Ou ka oblije peye pou sèvis ki pa prevantif. Mande pwofesyonèl swen sante w la si sèvis ou bezwen yo se sèvis prevantif. Apresa verifye pou kisa plan w lan ap peye.
Si ou gen yon tès	Tès dyagnostik (radyografi, analiz san)	Pa gen frè	Pa kouvri	Okenn
	Imajri (eskanè CT/PET, MRI)	Pa gen frè	Pa kouvri	Okenn
Si ou bezwen medikaman pou trete maladi oswa kondisyon ou an Gen plis enfòmasyon ki disponib konsènan kouvèti medikaman sou preskripsyon nan www.cigna.com .	Medikaman jenerik (Nivo 1)	\$10 kòm kopeman /preskripsyon (andetay pou 30 jou), \$25 kòm kopeman /preskripsyon (andetay ak livrezon lakay ou pou 90 jou)	Pa kouvri	Kouvèti an limite jiska yon apwovizyonman pou 90 jou (andetay ak livrezon lakay); jiska yon apwovizyonman 30 jou (andetay ak livrezon lakay) pou medikaman Espesyal . Gen kèk limit ki ka aplike, tankou, pa egzanp: otorizasyon davans, terapi pa etap, limit sou kantite. Pou medikaman ki nan Pwogram Asirans Pasyan Cigna a, ou ka peye mwens pase montan pataj frè pou vant andetay oswa livrezon lakay ou. Nan rezo a, y ap bay medikaman prevantif obligatwa Federal yo gratis.
	Medikaman mak ou pi pito (Nivo 2)	\$35 kòm kopeman /preskripsyon (andetay pou 30 jou), \$88 kòm kopeman /preskripsyon (andetay ak livrezon lakay ou pou 90 jou)	Pa kouvri	
	Medikaman mak ou pa pi pito (Nivo 3)	\$60 kòm kopeman /preskripsyon (andetay pou 30 jou), \$150 kòm kopeman /preskripsyon (andetay ak livrezon lakay ou pou 90 jou)	Pa kouvri	
	Medikaman espesyalize (Nivo 4)	\$150 kòm kopeman /preskripsyon (an detay ak livrezon adomisil sou 30 jou)	Pa kouvri	
Nan ka operasyon pou pasyan ki pa entène	Frè etablisman (pa egzanp, sant operasyon pou pasyan ki pa entène)	Pa gen frè	Pa kouvri	Okenn
	Frè pou doktè/chirijyen	Pa gen frè	Pa kouvri	Okenn

Evènman Medikal Komen	Sèvis Ou Ka Bezwen	Sa W Pral Peye		Limit, Eksepsyon, & Lòt Enfòmasyon Enpòtan
		Pwofesyonèl Swen Sante Ki Nan Rezo a (W ap peye pi piti montan an)	Pwofesyonèl Swen Sante Ki Andeyò Rezo a (W ap peye pi gwo montan an)	
Si w bezwen swen medikal imedya	Swen nan sal dijans	\$300 kòm kopeman /vizit	\$300 kòm kopeman /vizit	Kopeman pou chak vizit yo anile si w entène. Yo peye sèvis ki andeyò rezo a nan pataj frè nan rezo a.
	Transpò medikal ki ijan	Pa gen frè	Pa gen frè	Yo peye sèvis anbilans ayeryen ki pa nan rezo a nan pataj frè nan rezo a. Y ap peye sèvis pou dyagnostik MH/SA yo annakò ak avantaj pou Swen nan sal dijans yo.
	Swen dijans	\$75 kòm kopeman /vizit	\$75 kòm kopeman /vizit	Okenn
Si w etène lopital	Frè etablisman (pa egzantp, chanm lopital)	Pa gen frè	Pa kouvri	Okenn
	Frè pou doktè/chirijyen	Pa gen frè	Pa kouvri	Okenn
Si w bezwen sèvis sante mantal, sante konpòtmantal, oswa sèvis pou abi sibstans	Sèvis pou pasyan ki pa entène	\$40 kopeman /vizit nan biwo Pa gen frè/tout lòt sèvis yo	Pa kouvri	Genyen sèvis medikal pou dyagnostik MH/SA.
	Sèvis pou pasyan ki entène	Pa gen frè	Pa kouvri	Genyen sèvis medikal pou dyagnostik MH/SA.
Si w ansent	Vizit nan klinik	Pa gen frè	Pa kouvri	Nivo avantaj pou Swen Prensipal oswa pou Espesyalis aplike pou premye vizit pou konfime gwosès la. Pataj frè pa aplike pou sèvis prevantif . Toudepann de kalite sèvis la, yon kopeman , ko-asirans oswa franchiz ka aplikab. Swen matènite ka gen ladan tès ak sèvis ki dekri yon lòt kote nan SBC a (sa vle di, sonografi).
	Akouchman/sèvis pwofesyonèl pou akouchman	Pa gen frè	Pa kouvri	
	Akouchman/sèvis etablisman pou akouchman	Pa gen frè	Pa kouvri	
Si w bezwen èd pou w refè oswa si w gen lòt bezwen sante espesyal	Swen sante nan kay	Pa gen frè	Pa kouvri	Kouvèti an limite jiska 60 jou maksimòm chak ane. 16 èdtan maksimòm pa jou (Limit lan pa aplikab pou kondisyon sante mantal ak twoub akòz itilizasyon sibstans.)

Evènman Medikal Komen	Sèvis Ou Ka Bezwen	Sa W Pral Peye		Limit, Eksepsyon, & Lòt Enfòmasyon Enpòtan
		Pwofesyonèl Swen Sante Ki Nan Rezo a (W ap peye pi piti montan an)	Pwofesyonèl Swen Sante Ki Andeyò Rezo a (W ap peye pi gwo montan an)	
	Sèvis reyabilitasyon	\$20 kòm kopeman /vizit kay Doktè Swen Prensipal \$40 kopeman / Vizit kay Espesyalis	Pa kouvri	Pataj frè pou PCP aplike pou Swen Kiwopraktik Kouvèti an limite nan maksimòm chak ane pou: 60 jou pou sèvis reyabilitasyon ; 36 jou pou sèvis reyadaptasyon Kadyak; 60 jou pou sèvis swen Kiwopraktik. Limit yo pa aplikab pou pwoblèm sante mantal pou Terapi Fizik, Lapawòl ak Terapi Okipasyonèl.
	Sèvis abilitasyon	\$20 kòm kopeman /vizit kay Doktè Swen Prensipal \$40 kopeman / Vizit kay Espesyalis	Pa kouvri	Sèvis yo kouvri lè sa Nesesè sou Pwen Medikal pou trete yon pwoblèm sante mantal (egzanp otis) oswa yon anomali konjenital. Limit yo pa aplikab pou pwoblèm sante mantal pou Terapi Fizik, Lapawòl ak Terapi Okipasyonèl.
	Swen enfimiyè kalifye	Pa gen frè	Pa kouvri	Kouvèti an limite jiska 60 jou maksimòm chak ane.
	Ekipman medikal dirab	Pa gen frè	Pa kouvri	Okenn
	Sèvis swen ospis	Pa gen frè/sèvis pou pasyan ki entène Pa gen frè/sèvis pou pasyans ekstèn	Pa kouvri	Okenn
Si pitit ou a bezwen swen dantè oswa swen pou je	Egzamen je pou timoun	Pa kouvri	Pa kouvri	Okenn
	Linèt pou timoun	Pa kouvri	Pa kouvri	Okenn
	Egzamen dantè pou timoun	Pa kouvri	Pa kouvri	Okenn

Sèvis Ki Ekskli ak Lòt Sèvis Ki Kouvri:

Sèvis [Plan](#) W lan PA Kouvri Anjeneral (Verifye polis asirans ou an oswa dokiman [plan](#) w lan pou jwenn plis enfòmasyon ak yon lis pou nenpòt lòt [sèvis ki ekskli yo](#).)

- | | | |
|-------------------------|---|---------------------------------|
| • Chiriji estetik | • Swen alontèm | • Swen woutin pou je (Granmoun) |
| • Swen dantè (Granmoun) | • Swen ki pa swen dijans lè w ap vwayaje andeyò peyi Etazini. | • Swen woutin pou pye |
| • Swen dantè (Timoun) | • Swen enfimye prive | • Pwogram pou pèdi pwa |
| • Swen pou je (Timoun) | | |

Lòt Sèvis ki Kouvri (Yo ka aplike limit nan sèvis sa yo. Lis sa a pa konplè. Tanpri konsilte dokiman [plan](#) w lan.)

- | | | |
|-----------------------|---|---------------------------|
| • Akiponkti (10 jou) | • Swen kiwopratik(60 jou) | • Tretman kont enfètilite |
| • Operasyon baryatrik | • Aparèy pou tande (2 aparèy chak 24 mwa) | |

Dwa Ou pou Kontinye Jwi Kouvèti an:

Gen ajans ki ka ede si ou vle kontinye Kouvèti ou an apre li fini. Enfòmasyon pou kontakte ajans sa yo se: Cigna nan 1-800-Cigna24, Biwo pou Règlemantasyon Asirans nan Iowa (Iowa Insurance Division) nan 1-877-955-1212 ak Administrasyon Sekirite Avantaj Anplwaye nan Depatman Travay (Department of Labor's Employee Benefits Security Administration) nan 1-866-444-EBSA (3272) oswa www.dol.gov/ebsa/healthreform. Ka gen lòt opsyon kouvèti ki gendwa disponib pou ou tou, ki gen ladan opsyon pou w achte kouvèti asirans endividyèl atravè [Mache Asirans Sante](#) a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou [Mache](#) a, ale sou www.HealthCare.gov oswa rele 1-800-318- 2596.

Dwa pou Ou Fè Doleyan ak Kontestasyon:

Gen ajans ki ka ede w si ou genyen yon plent kont [plan](#) w lan pou yon refi pou yon [reklamasyon](#). Plent sa a rele yon [doleyan](#) oswa [kontestasyon](#). Pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou genyen yo, gade eksplikasyon sou avantaj w ap resevwa pou [reklamasyon](#) medikal sa a. Dokiman [plan](#) w lan ap ba w enfòmasyon konplè tou sou kijan pou w soumèt yon [reklamasyon](#), yon [kontestasyon](#), oswa yon [doleyan](#) pou nenpòt rezon bay [plan](#) w lan. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou dwa w, avi sa a, oswa asistans, kontakte: Sèvis Kliyantèl Cigna nan 1-800-Cigna24. Epitou, ou kapab kontakte Administrasyon Sekirite Avantaj Anplwaye nan Depatman Travay la nan 1-866-444-EBSA (3272) oswa www.dol.gov/ebsa/healthreform oswa Biwo pou Règlemantasyon Asirans nan Iowa (Iowa Insurance Division) nan 1-877-955-1212.

Èske plan sa a ofri Kouvèti Esansyèl Minimòm? Wi.

[Kouvèti Esansyèl Minimòm](#) an jeneral gen ladan [plan](#) yo, [asirans sante](#) ki disponib sou [Mache](#) a oswa lòt politik endividyèl nan mache yo, Medicare, Medicaid, CHIP, TRICARE, ak sèten lòt kouvèti. Si w kalifye pou sèten kalite [Kouvèti Esansyèl Minimòm](#), ou ka pa kalifye pou [kredi taks sou prim](#).

Èske plan sa a respekte Nòm Valè Minimòm yo? Wi.

Si [plan](#) ou an pa respekte [Nòm Valè Minimòm](#) nan, ou ka kalifye pou yon [kredi taks sou prim](#) pou ede w peye pou yon [plan](#) atravè [Mache](#) a.

Sèvis pou Aksè Lengwistik:

Spanish (Español): Para obtener asistencia en Español, llame al 1-800-244-6224.

Tagalog (Tagalog): Kung kailangan ninyo ang tulong sa Tagalog tumawag sa 1-800-244-6224.

Chinese (中文): 如果需要中文的帮助，请拨打这个号码 1-800-244-6224.

Navajo (Dine): Dinek'ehgo shika at'ohwol ninisingo, kwiiijigo holne' 1-800-244-6224.

Pou wè egzant sou kijan [plan](#) sa a ka kouvri frè pou yon modèl sitiyasyon medikal, gade pwochen seksyon an.

Konsènan Egzanp Kouvèti sa yo:



Sa a se pa yon estimatè frè. Tretman nou montre yo se jis egzanp yo ye sou kijan [plan](#) sa a ta ka kouvri swen medikal yo. Frè aktyèl ou yo ap diferan toudepan swen aktyèl w ap resevwa a, pri [pwofesyonèl swen sante](#) w yo fè w peye yo, ak anpil lòt faktè. Konsantre sou montan [pataj frè](#) yo ([franchiz](#), [kopeman](#) ak [ko-asirans](#)) ak [sèvis ki ekskli](#) selon [plan](#) an. Itilize enfòmasyon sa yo pou konpare pòsyon frè ou ta ka peye selon diferan [plan](#) sante. Tanpri sonje egzanp kouvèti sa yo baze sou Kouvèti pèsonèl sèlman.

Peg pral Fè yon Tibebe

(9 mwa swen prenatal nan rezo ak yon akouchman nan lopital)

■ Franchiz global planan	\$0
■ Kopeman espesyalis	\$40
■ ko-asirans pou lopital (etablisman)	0%
■ Lòt ko-asirans	0%

EGZANP evènman sa a gen ladan sèvis tankou:

[espesyalis](#) (swen prenatal)

Akouchman/Sèvis Pwofesyonèl pou Akouchman

Akouchman/Sèvis Etablisman pou Akouchman

[Tès dyagnostik](#) (ekografi ak analiz san)

[Vizit kay espesyalis](#) (anestezi)

Jere Dyabèt Tip 2 Joe a

(yon lane swen woutin nan rezo a pou yon pwoblèm sante ki byen kontwole)

■ Franchiz global planan	\$0
■ Kopeman espesyalis	\$40
■ ko-asirans pou lopital (etablisman)	0%
■ Lòt ko-asirans	0%

EGZANP evènman sa a gen ladan sèvis tankou:

[Doktè swen prensipal](#) (ki gen ladan ransèyman sou *maladi*)

[Tès dyagnostik](#) (analiz san)

[Medikaman sou preskripsyon](#)

[Ekipman medikal dirab](#) (aparèy pou mezire nivo sik nan san)

Frakti senp Mia a

(vizit nan sal dijans nan rezo a ak swen suivi)

■ Franchiz global planan	\$0
■ Kopeman espesyalis	\$40
■ ko-asirans pou lopital (etablisman)	0%
■ Lòt ko-asirans	0%

EGZANP evènman sa a gen ladan sèvis tankou:

[Swen nan sal dijans](#) (sa gen ladan ekipman medikal)

[Tès dyagnostik](#) (radyografi)

[Ekipman medikal dirab](#) (beki)

[Sèvis reyadaptasyon](#) (terapi fizik)

Egzanp Frè Total **\$12,700**

Egzanp Frè Total **\$5,600**

Egzanp Frè Total **\$2,800**

Nan egzanp sa a, Peg ta ka peye:

<i>Pataj Frè</i>	
Franchiz	\$0
Kopeman	\$30
Ko-asirans	\$0
<i>Sa ki pa kouvri</i>	
Limit oswa eksklizyon	\$20
Total Peg ta ka peye se	\$50

Nan egzanp sa a, Joe ta ka peye:

<i>Pataj Frè</i>	
Franchiz	\$0
Kopeman	\$600
Ko-asirans	\$0
<i>Sa ki pa kouvri</i>	
Limit oswa eksklizyon	\$40
Total Joe ta ka peye se	\$640

Nan egzanp sa a, Mia ta ka peye:

<i>Pataj Frè</i>	
Franchiz	\$0
Kopeman	\$500
Ko-asirans	\$0
<i>Sa ki pa kouvri</i>	
Limit oswa eksklizyon	\$0
Total Mia ta ka peye se	\$500

[Plan](#) an ta ka responsab pou lòt frè pou EGZANP sèvis ki kouvri sa yo.

Non Plan an: HMO Ben Ver: 34 **Idantifyan Plan an:** 37293967 HP-POL/HP-APP 9/23/12

NOU KITE PAJ SA A BLANCH TOUTEKSPRE

Diskriminasyon kont lalwa.

Pwoteksyon medikal

Cigna Healthcare konfòme li ak lwa federal konsènan dwa sivil ki aplikab yo, epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, oswa sèks. Cigna Healthcare pa ekskli moun ni trete yo yon fason diferan akòz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, oswa sèks.

Cigna Healthcare:

- Ofri èd ak sèvis gratis pou moun ki gen andikap pou kominike byen avèk nou, tankou:
 - Entèprèt lang siy ki kalifye
 - Enfòmasyon ki ekri nan lòt fòma (gran lèt, odyo, fòma elektwonik aksesib, lòt fòma)
- Ofri sèvis lengwistik gratis pou moun ki pa pale Anglè byen, tankou:
 - Entèprèt ki kalifye
 - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si w bezwen sèvis sa yo, kontakte sèvis kliyan an nan nimewo gratis ki parèt sou kat idantifikasyon (ID) w la, epi mande yon Asosye Sèvis Kliyan an èd.



Si ou kwè Cigna Healthcare te echwe nan bay sèvis sa yo oswa li te fè diskriminasyon nan yon lòt fason sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, oswa sèks, ou ka depoze yon plent lè w voye yon imèl bay **ACAGrievance@Cigna.com** oswa lè w ekri yon lèt ke w voye nan adrès sa a:

Cigna Healthcare

Nondiscrimination Complaint Coordinator
P.O. Box 188016
Chattanooga, TN 37422

Si w bezwen èd pou depoze yon plent alekri, tanpri rele nimewo ki sou do kat idantifikasyon (ID) w la oswa voye yon imèl bay **ACAGrievance@Cigna.com**. Epi ou ka depoze yon plent konsènan dwa sivil nan U.S. Department of Health and Human Services, Office for Civil Rights pa mwayen elektwonik atravè Pòtay Plent Biwo pou Dwa Sivil la, ki disponib nan **<https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>**, oswa pa lapòs oswa nan telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services 200 Independence Avenue, SW
Room 509F, HHH Building
Washington, DC 20201
1.800.368.1019, 800.537.7697 (TDD)

Fòm pou pote plent yo disponib nan **<https://www.hhs.gov/civil-rights/filing-a-complaint/complaintprocess/index.html>**

Se filyal operasyonèl The Cigna Group, ki gen ladan Cigna Health and Life Insurance Company, Connecticut General Life Insurance Company, Evernorth Behavioral Health, Inc., Evernorth Care Solutions, Inc. ak HMO oswa filyal konpayi sèvis Cigna Health Corporation, ki gen ladan Cigna HealthCare of Arizona, Inc., Cigna HealthCare of California, Inc., Cigna HealthCare of Colorado, Inc., Cigna HealthCare of Connecticut, Inc., Cigna HealthCare of Florida, Inc., Cigna HealthCare of Georgia, Inc., Cigna HealthCare of Illinois, Inc., Cigna HealthCare of Indiana, Inc., Cigna HealthCare of St. Louis, Inc., Cigna HealthCare of North Carolina, Inc., Cigna HealthCare of New Jersey, Inc., Cigna HealthCare of South Carolina, Inc., Cigna HealthCare of Tennessee, Inc., ak Cigna HealthCare of Texas, Inc. ki bay defason eskizif pwodui ak sèvis Cigna Healthcare yo, oswa se atravè konpayi sa yo pwodui ak sèvis Cigna Healthcare yo disponib. ATTENTION: Si w pale lòt lang ki pa Anglè, sèvis èd gratis pou lang yo disponib pou ou. Pou kliyan Cigna aktyèl yo, rele nimewo ki sou do kat idantifikasyon (ID) w la. Sinon, rele 1.800.244.6224 (TTY: Dial 711). ATENCION: Si usted habla un idioma que no sea inglés, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Si es un cliente actual de Cigna, llame al número que figura en el reverso de su tarjeta de identificación. Si no lo es, llame al 1.800.244.6224 (los usuarios de TTY deben llamar al 711).

Proficiency of Language Assistance Services

English – ATTENTION: Language assistance services, free of charge, are available to you. For current Cigna Healthcare customers, call the number on the back of your ID card. Otherwise, call 1.800.244.6224 (TTY: Dial 711).

Spanish – ATENCIÓN: Hay servicios de asistencia de idiomas, sin cargo, a su disposición. Si es un cliente actual de Cigna Healthcare, llame al número que figura en el reverso de su tarjeta de identificación. Si no lo es, llame al 1.800.244.6224 (los usuarios de TTY deben llamar al 711).

Chinese – 注意：我們可為您免費提供語言協助服務。對於 Cigna Healthcare 的現有客戶，請致電您的 ID 卡背面的號碼。其他客戶請致電 1.800.244.6224（聽障專線：請撥 711）。

Vietnamese – XIN LƯU Ý: Quý vị được cấp dịch vụ trợ giúp về ngôn ngữ miễn phí. Dành cho khách hàng hiện tại của Cigna Healthcare, vui lòng gọi số ở mặt sau thẻ Hội viên. Các trường hợp khác xin gọi số 1.800.244.6224 (TTY: Quay số 711).

Korean – 주의: 한국어를 사용하시는 경우, 언어 지원 서비스를 무료로 이용하실 수 있습니다. 현재 Cigna Healthcare 가입자님들께서는 ID 카드 뒷면에 있는 전화번호로 연락해주시요. 기타 다른 경우에는 1.800.244.6224 (TTY: 다이얼 711)번으로 전화해주시요.

Tagalog – PAUNAWA: Makakakuha ka ng mga serbisyo sa tulong sa wika nang libre. Para sa mga kasalukuyang customer ng Cigna Healthcare, tawagan ang numero sa likuran ng iyong ID card. O kaya, tumawag sa 1.800.244.6224 (TTY: I-dial ang 711).

Russian – ВНИМАНИЕ: вам могут предоставить бесплатные услуги перевода. Если вы уже участвуете в плане Cigna Healthcare, позвоните по номеру, указанному на обратной стороне вашей идентификационной карточки участника плана. Если вы не являетесь участником одного из наших планов, позвоните по номеру 1.800.244.6224 (TTY: 711).

Arabic – برجاء الانتباه خدمات الترجمة المجانية متاحة لكم. لعملاء Cigna Healthcare الحاليين برجاء الاتصال بالرقم المدون علي ظهر بطاقتكم الشخصية. او اتصل ب 1.800.244.6224 (TTY: اتصل ب 711).

French Creole – ATANSYON: Gen sèvis èd nan lang ki disponib gratis pou ou. Pou kliyan Cigna Healthcare yo, rele nimewo ki dèyè kat ID ou. Sinon, rele nimewo 1.800.244.6224 (TTY: Rele 711).

French – ATTENTION: Des services d'aide linguistique vous sont proposés gratuitement. Si vous êtes un client actuel de Cigna Healthcare, veuillez appeler le numéro indiqué au verso de votre carte d'identité. Sinon, veuillez appeler le numéro 1.800.244.6224 (ATS : composez le numéro 711).

Portuguese – ATENÇÃO: Tem ao seu dispor serviços de assistência linguística, totalmente gratuitos. Para clientes Cigna Healthcare atuais, ligue para o número que se encontra no verso do seu cartão de identificação. Caso contrário, ligue para 1.800.244.6224 (Dispositivos TTY: marque 711).

Polish – UWAGA: w celu skorzystania z dostępnej, bezpłatnej pomocy językowej, obecni klienci firmy Cigna Healthcare mogą dzwonić pod numer podany na odwrocie karty identyfikacyjnej. Wszystkie inne osoby prosimy o skorzystanie z numeru 1 800 244 6224 (TTY: wybierz 711).

Japanese – 注意事項：日本語を話される場合、無料の言語支援サービスをご利用いただけます。現在のCigna Healthcareのお客様は、IDカード裏面の電話番号まで、お電話にてご連絡ください。その他の方は、1.800.244.6224（TTY: 711）まで、お電話にてご連絡ください。

Italian – ATTENZIONE: Sono disponibili servizi di assistenza linguistica gratuiti. Per i clienti Cigna Healthcare attuali, chiamare il numero sul retro della tessera di identificazione. In caso contrario, chiamare il numero 1.800.244.6224 (utenti TTY: chiamare il numero 711).

German – ACHTUNG: Die Leistungen der Sprachunterstützung stehen Ihnen kostenlos zur Verfügung. Wenn Sie gegenwärtiger Cigna Healthcare-Kunde sind, rufen Sie bitte die Nummer auf der Rückseite Ihrer Krankenversicherungskarte an. Andernfalls rufen Sie 1.800.244.6224 an (TTY: Wählen Sie 711).

Persian (Farsi) – توجه: خدمات کمک زبانی، به صورت رایگان به شما ارائه می شود. برای مشتریان فعلی Cigna Healthcare، لطفاً با شماره ای که در پشت کارت شناسایی شماست تماس بگیرید. در غیر اینصورت با شماره 1.800.244.6224 تماس بگیرید (شماره تلفن ویژه ناشنوایان: شماره 711 را شماره گیری کنید).